

DEVAN TRIBINAL SIKWI NAN KENZYÈM SIKWI JIDISYÈ  
KONTE PALM BEACH, FLORIDA

Si w te resevwa yon imèl oswa yon lèt konsènan pwosè sa a, ou gendwa yon manm nan Gwoup Règleman an. Se paske ou genyen kounye a oswa ou te genyen yon kontra ipotèk ki te jere pa Nationstar Mortgage LLC epi yo te fè w peye youn, de, oswa touletwa nan frè sa yo: (1) pou livrezon ofisyèl dokiman pwosedi bay yon mari/madanm enkonni oswa yon lokatè enkonni; (2) pou antretyen pwopriyete alòske frè yo an reyalite te sèvi pou anrejistre pwopriyete a avèk yon inite oswa yon sou-inite gouvènmantal; oswa (3) pou frè enspeksyon pwopriyete alòske enspektè pwopriyete a pa te gen aksè nan pwopriyete w la. Depann de apwobasyon tribinal la, ou ka gen dwa pou w resevwa yon peman nan yon règleman aksyon kolektif sou yon baz *ki kalkile yon fason pwopòsyonèl* ki pa ka depase \$100.00 pou chak gwoup kote demandè a se yon pati, pou yon montan total ki pa ka depase \$300.00 pou chak demandè.

*Yon tribinal eta te otorize Avi sa a. Yo pa rele w lajistis. Se pa yon demann ki soti bò kote yon avoka.*

- Yon Règleman<sup>1</sup> te konkli nan kad yon pwosè aksyon kolektif konsènan si Nationstar Mortgage LLC ki fonksyonnen avèk non Mr. Cooper<sup>2</sup> (“Nationstar”) te fè peye frè sou kont prè ipotèk yo an vyolasyon Lwa sou Pratik Koleksyon Konsomatè Florid la (“FCCPA”), Lwa sou Pratik Komès Twonpè ak Enjis Florid la (“FDUTPA”), epi vyolasyon kontra. Nationstar nye akizasyon yo e nenpòt move konduit. **Tribinal la pako deside kiyès ki gen rezon.**
- Règleman an ofri peman bay Manm Gwoup Règleman an ki depoze Reklamasyon valab. Peman yo pral fèt sou yon baz *ki kalkile yon fason pwopòsyonèl* san depase \$100 pou chak Manm Gwoup Règleman an epi yon montan total jiska \$300.00.
- Dwa legal ou yo afekte kit ou aji kit ou pa aji. Li avi sa a avèk anpil atansyon.

DWA LEGAL OU YO AK CHWA OU GENYEN NAN RÈGLEMAN SA A	
<b>SOMÈT YON FÒM REKLAMASYON</b>	Pou jwenn peman, ou dwe soumèt yon Fòm Reklamasyon ki ranpli. Si Tribinal la apwouve Règleman an epi li vin final e anvigè, epi ou rete nan Gwoup Règleman an, ou pral resevwa peman w lan pa chèk.
<b>ESKLI TÈT OU</b>	Ou gendwa mande pou yo eskli w nan Gwoup Règleman an, epi si w fè sa, ou p ap resevwa okenn benefis nan Règleman an.
<b>OPOZE W</b>	Ou gendwa opoze w sou yon baz pèsònèl oswa sou baz tout gwoup la.
<b>ALE NAN YON ODYANS</b>	Mande pou w pale nan Tribinal la konsènan si Règleman an jis.
<b>PA FÈ ANYEN</b>	Ou p ap resevwa yon peman si w pa soumèt yon Fòm Reklamasyon ranpli atan, epi w ap renonse a nenpòt dwa ou ka genyen pou antreprann pwòp pwosè w kont Nationstar konsènan Reklamasyon ki nan Pwosè sa a.

- Yo eksplike nan avi sa a dwa ak opsyon sa yo—**ansanm avèk dat limit pou egzèse yo.**

<sup>1</sup> Tèm ki ekri ak lèt majiskil yo nan dokiman sa gen menm siyifikasyon ak sa ki defini nan Akò Règleman an, epi ou ka jwenn yon kopi akò a sou entènèt sou sitwèb Règleman an ki anba la a.

<sup>2</sup> Rocket Mortgage, LLC se siksesè Nationstar Mortgage LLC apre fizyon.

Tribinal ki responsab dosye sa a gen pou deside toujou si l ap apwouve Règleman an. Si sa fèt, epi apre tout apèl fin rezoud, benefis yo pral distribye bay moun ki soumèt Fòm Reklamasyon ki kalifye yo. Tanpri pran pasyans.

## KISA KI GEN NAN AVI SA A

### **ENFÒMASYON DEBAZ.....PAJ 4**

1. Poukisa gen yon Avi?
2. Osijè de kisa pwosè sa a ye?
3. Kisa FCCPA a ye?
4. Kisa FDUTPA a ye?
5. Poukisa sa se yon aksyon kolektif?
6. Poukisa gen yon règleman?

### **KIYÈS KI FÈ PATI RÈGLEMAN AN.....PAJ 5**

7. Kimoun ki nan Règleman an?
8. E si mwen pa fin konnen si m fè pati Règleman an?

### **BENEFIS RÈGLEMAN AN.....PAJ 5**

9. Kisa Règleman an prevwa?
10. Kijan pou m depoze yon Reklamasyon?
11. Kilè m pral resevwa peman mwen an?

### **ESKLI TÈT OU NAN RÈGLEMAN AN.....PAJ 6**

12. Kijan pou m retire tèt mwen nan Règleman an?
13. Si m pa eskli tèt mwen, èske m ka pouswiv Nationstar lajistis pou menm bagay la pita?
14. Kisa m ap abandone pou m rete nan Gwoup Règleman an?
15. Si m eskli tèt mwen, èske m ka resevwa yon peman kan menm?

### **AVOKA KI REPREZANTE W YO.....PAJ 7**

16. Èske m gen yon avoka nan afè a?
17. Kijan yo pral peye avoka yo?

### **OPOZISYON AK AKÒ A.....PAJ 8**

18. Kijan pou m di Tribinal la sa si m pa renmen Règleman an?
19. Ki diferans ki genyen ant objeksyon ak mande pou yo eskli w?

### **ODYANS APWOBASYON FINAL LA.....PAJ 9**

20. Kilè ak kikote Tribinal la pral deside si l ap apwouve Règleman an?
21. Èske m oblije asiste odyans lan?
22. Èske m ka pale nan odyans lan?

### **SI W PA FÈ ANYEN.....PAJ 10**

23. Kisa k ap rive si m pa fè anyen ditou?

### **JWENN PLIS ENFÒMASYON.....PAJ 10**

24. Kijan m ka fè jwenn plis enfòmasyon?

# ENFÒMASYON DEBAZ

## 1. Poukisa gen yon Avi?

Yon Tribinal te otorize Avi sa a paske ou gen dwa pou w enfòme sou yon Règleman yo pwopoze nan yon pwosè aksyon kolektif ki rele *Colombo v. Nationstar Mortgage LLC*, Nimewo Dosye 502017CA000532 ak sou tout opsyon ou genyen anvan Tribinal la deside si pou l bay Apwobasyon Final la pou Règleman an. Avi sa a eksplike pwosè a, Règleman an, ak dwa legal ou genyen yo.

Jij Sherman nan Tribinal Sikwi Konte Palm Beach, Florid, Divizyon AK, ap sipèvizè afè sa a. Moun ki te antrepran aksyon lajistis la, Peter A. Colombo, ki rele “Kont-Pleyan.” Yo rele Nationstar “Kont-Defandè.”

## 2. Apwopo kisa pwosè sa a ye?

Pwosè a pretann Nationstar Mortgage te fè anprentè yo peye frè sou kont prè ipotèk yo (a) pou livrezon ofisyèl dokiman pwosedi pou mari/madanm enkoni(yo) ak/oswa lokatè enkoni(yo) ki nan pwopriyete ki konsène a oswa nenpòt referans konsa ak mari/madanm oswa lokatè enkoni tèlke John Doe oswa Jane Doe; (b) pou antretyen pwopriyete a, kote ni Nationstar ni pèsonn nan non Nationstar pa te fè okenn antretyen sou pwopriyete a, alòske frè yo an reyalyte te koresponn ak frè pou anrejistre pwopriyete a ki pa peye a devan yon inite oswa yon sou-inite gouvènmanal; (c) pou enspeksyon pwopriyete ipotèk la alòske enspektè a pa te enspekte pwopriyete ipotèk la; epi (d) pou frè avoka ki soti nan yon aksyon sezi anvan ki pa te reyisi, an vyolasyon kontra, epi an vyolasyon FCCPA ak FDUTPA, epi l ap chèche domaj e enterè konpansatwa e legal pou vyolasyon kontra epi dapre FCCPA ak FDUTPA nan non Kont-Pleyan ki deziyen an e nan non yon gwoup tout moun nan Florid.

Nationstar nye sanzesepsyon tout akizasyon move zak, responsablite, ak domaj ki te fòmile oswa ki te ka fòmile nan pwosè a epi li afime reklamasyon ki nan dispit la ta apwopriye pou tretman kolektif si dispit la ta pouswiv jiska pwosè.

Plent Pleyan an, Akò Règleman an, e lòt dokiman anrapò ak afè a pibliye sou sitwèb Règleman an, [www.FloridaNationstarLawsuit.com](http://www.FloridaNationstarLawsuit.com). Règleman rezoud pwosè a. Tribinal la poko deside kiyès ki gen rezon.

## 3. Kisa Lwa sou Pwoteksyon Koleksyon Konsomatè Florid la ye?

FCCPA a se yon lwa Florid ki mete restriksyon sou sèten kondwit lè w ap kominike epi w ap eseye kolekte dèt konsomatè yo.

## 4. Kisa Lwa Florid sou Pratik Komès Twonpè ak Enjis la ye?

FDUTPA a se yon lwa Florid ki mete restriksyon sou sèten kondwit ki konsidere kòm enjis oswa twonpè lè w ap kolekte yon dèt.

## 5. Poukisa sa se yon aksyon kolektif?

Nan yon aksyon kolektif, yon moun rele “Reprezantan Gwoup” la (nan ka sa a, Kont-Pleyan Peter A. Colombo) antreprann aksyon lajistis pou tèt li ak pou lòt moun ki gen reklamasyon sanblab.

Tout moun ki gen reklamasyon menm jan ak Pleyan an se Manm Gwoup Règleman an, alesepsyon moun ki eskli tèt yo nan Gwoup Règleman an.

## 6. Poukisa gen yon règleman?

Tribinal la pa te bay yon desizyon anfavè ni Pleyan an ni Nationstar. Alaplas, toude pati yo te antann yo nan yon Règleman. Lè pati yo aksepte Règleman an, yo evite depans ak ensètitud ki gen nan yon pwosè, epi si Tribinal la apwouve Règleman an, Demandè nan Gwoup Règleman an ap resevwa benefis ki dekri nan Avi sa a. Nationstar nye tout deklarasyon legal nan afè sa a. Kont-Pleyan an ak avoka Kont-Pleyan an panse Règleman ki pwopoze a pi bon pou tout moun ki afekte yo.

## KIYÈS KI FÈ PATI RÈGLEMAN AN

### 7. Kimoun ki nan Règleman an?

Gwoup Règleman an defini konsa:

**Tout moun nan Eta Florid ki gen kontra ipotèk ki te resevwa oswa k ap resevwa sèvis nan men Nationstar k ap aji nan non US Bank ak pou lòt detantè nòt oswa ipotèk apati 29 Me 2013, jiska dat Lòd Apwobasyon Final la, kote Nationstar te kolekte oswa te eseye kolekte sa ki apre la yo atravè relve kont ipotèk yo:**

**a. Montan pou livrezon ofisyèl dokiman pwosedi pou mari/madanm enkoni(yo) ak/oswa lokatè enkoni(yo) ki nan pwopriyete ki konsène a oswa nenpòt referans konsa ak mari/madanm oswa lokatè enkoni tèlke John Doe oswa Jane Doe.**

**b. Montan pou antretyen pwopriyete a, kote ni Nationstar ni pèsonn nan non Nationstar pa te fè okenn antretyen sou pwopriyete a, alòske frè yo an reyalite te koresponn ak frè pou anrejistre pwopriyete a ki pa peye a devan yon inite oswa yon sou-inite gouvènmantal.**

**c. Montan ki ka atribye pou frè enspeksyon pwopriyete ipotèk la alòske enspektè a pa te enspekte pwopriyete ipotèk la.**

Moun ki koresponn ak definisyon sa a, yo tout ansanm deziyen kòm “Gwoup Règleman” epi yo deziyen pèsonèlman antanke “Manm Gwoup Règleman.”

Moun ki eskli nan Gwoup Règleman an se: (1) jij ki prezide afè sa a; (2) Defandè a, ansanm ak nenpòt paran, filyal, afilye, oswa moun ki kontwole Defandè a, epi dirijan, direktè, ajan, fonksyonè ak anplwaye Kont-Defandè a; (3) nenpòt nan Pati Libere yo; (4) fanmi pwòch nenpòt moun sa yo; (5) nenpòt Manm Gwoup Règleman an ki te chwazi atan pou yo pa patisipe nan pwosedi sa a; epi (6) Avoka Kont-Pleyan an, anplwaye yo, ak fanmi pwòch yo.

### 8. E si mwen pa fin konnen si m fè pati Règleman an?

Si w pa sèten si w fè pati Gwoup Règleman an oswa si w gen nenpòt lòt kesyon konsènan Règleman an, vizite sitwèb Règleman an nan [www.FloridaNationstarLawsuit.com](http://www.FloridaNationstarLawsuit.com) oubyen rele nimewo gratis la, 1-866-963-9973. Ou kapab voye kesyon tou bay Administratè Règleman an nan Florida Nationstar Lawsuit, P.O. Box 173062, Milwaukee, WI 53217.

## AVANTAJ NAN RÈGLEMAN AN

### 9. Kisa Règleman an prevwa?

Pou regle nèt epi libere konplètman reklamasyon Manm Gwoup Règleman an, Nationstar te aksepte pou fè peman bay Manm Gwoup Règleman an epi peye frè pou avi ak administrasyon Règleman an (“Fon Règleman an”). Defandè a ap peye \$1,500,000.00 (“Fon Règleman” an). Chak Manm Gwoup Règleman an ki soumèt yon Fòm Reklamasyon konplè epi atan anvan Dat Limit Reklamasyon nan fason Akò sa a egzije a, epi ki fè tout deklarasyon ki nesèsè yo, Administratè Règleman an ap voye yon Chèk Règleman Reklamasyon ki kalkile sou yon baz *pwopòsyonèl* ki pa ka depase \$100.00 pou chak gwoup kote demandè a se yon pati, pou yon montan total ki pa ka depase \$300.00 pou chak demandè. Demandè yo nan Gwoup Règleman an ap resevwa Peman Règleman Reklamasyon yo a nan adrès yo te soumèt sou Fòm Reklamasyon yo a nan lespas 60 jou apre Dat Antre Anvigè a.

### 10. Kijan pou m depoze yon Reklamasyon?

Si w kalifye pou yon peman, ou dwe ranpli epi soumèt yon Fòm Reklamasyon ki valab. Ou ka telechaje yon Fòm Reklamasyon sou sitwèb Règleman an, [www.FloridaNationstarLawsuit.com](http://www.FloridaNationstarLawsuit.com), oubyen rele Administratè Règleman an nan nimewo gratis ki anba a pou w mande yon Fòm Reklamasyon. Pou yon Fòm Reklamasyon kapab valab, li dwe ranpli konplètman epi avèk presizyon, epi li dwe soumèt atan.

Ou dwe soumèt yon Fòm Reklamasyon pa kourye lapòs Etazini oswa atravè sit entènèt Règleman an, epi li dat so lapòs ki sou li dwe oplita **15 Out 2026**. Si w depoze yon Fòm Reklamasyon sou entènèt, lè sa ou dwe depoze l anvan 11:59 p.m. EST nan dat 15 Out 2026.

Tanpri li Fòm Reklamasyon an ak anpil atansyon epi bay tout enfòmasyon yo mande yo. Se yon sèl Fòm Reklamasyon ki ka soumèt pou chak Manm Gwoup Règleman an, sof si gen sikonstans estwòdinè, oswa Tribinal la òdone otreman.

### 11. Kilè m pral resevwa peman mwen an?

Peman bay Manm Gwoup Règleman an ap fèt sèlman apre Tribinal la akòde Apwobasyon Final pou Règleman an epi apre yo nenpòt apèl fin rezoud (*al gade nan* “Odyans Apwobasyon Final” anba a). Si gen apèl, sa kapab pran tan pou rezoud yo. Tanpri pran pasyans.

Tout peman ap fèt pa lentèmedyè yon chèk fizik.

## EKSKLI TÈT OU NAN RÈGLEMAN AN

Si w pa vle benefisye nan Règleman an, epi ou vle konsève dwa pou rele Nationstar lajistis oswa kontinye pouswiv li poukont ou konsènan pwoblèm legal ki nan afè sa a, lè sa ou dwe pran dispozisyon pou w sòti nan Règleman an. Sa rele eskli tèt ou—oswa pafwa yo rele l “chwazi pou pa patisipe” nan Gwoup Règleman an.

### 12. Kijan pou m retire tèt mwen nan Règleman an?

Pou eskli tèt ou nan Règleman an, ou dwe voye yon fòm demann pou esklizyon pa lapòs nan:

Florida Nationstar Lawsuit  
EXCLUSIONS  
P.O. Box 173001  
Milwaukee, WI 53217

Ou dwe siyen pèsònèlman demann ou pou yo eskli w nan Règleman an, anba posiblite sanksyon pou fo temwayaj, epi li dwe gen yon deklarasyon ki endike dezi w pou yo “eskli w nan Gwoup Règleman an” epi, si w pa eskli tèt ou oswa “chwazi pou w pa patisipe”, ou “se yon manm nòmalman nan Gwoup Règleman an.”

Dat so lapòs la sou demann esklizyon an pa dwe pita pase **17 Out 2026**. Ou pa ka mande pou yo eskli w nan telefòn, pa imèl, oswa sou sitwèb Règleman an.

Ou ka chwazi pou pa patisipe nan Gwoup Règleman an pou tèt ou sèlman.

### 13. Si m pa eskli tèt mwen, èske m ka pouswiv Nationstar lajistis pou menm bagay la pita?

Non. Sof si w eskli tèt ou, ou renonse a dwa pou pouswiv Nationstar lajistis pou reklamasyon Règleman an rezoud la. Ou dwe eskli tèt ou nan Gwoup Règleman sa a pou w ka pouswiv pwòp pwosè w.

### 14. Kisa m ap abandone pou m rete nan Gwoup Règleman an?

Sof si w chwazi pou w pa patisipe nan Règleman an, ou pa ka pouswiv Nationstar ni fè pati okenn lòt pwosè kont Nationstar konsènan pwoblèm ki nan afè sa a, sa gen ladan nenpòt diskisyon, abitraj oswa pwosedi ki deja egziste. Sof si w eskli tèt ou, tout desizyon ak jijman Tribinal la ap angaje w.

Akò Règleman an disponib nan [www.FloridaNationstarLawsuit.com](http://www.FloridaNationstarLawsuit.com). Akò Règleman an bay plis detay konsènan Liberasyon yo epi li dekri Reklamasyon ki Libere yo avèk deskripsyon presi nan tèminoloji legal nesèsè ak egzat, kidonk li l avèk anpil atansyon. Ou ka pale gratis avèk kabinè avoka ki reprezante Gwoup Règleman an ki mansyone nan Kesyon 16 la, oubyen ou ka pale, avèk pwòp avoka w, sou pwòp frè w, si w gen nenpòt kesyon sou Reklamasyon Libere yo oubyen kisa yo siyifi.

### 15. Si m eskli tèt mwen, èske m ka resevwa yon peman kanmenm?

Non. Ou p ap resevwa yon peman nan Fon Règleman an si w eskli tèt ou nan Règleman an.

## AVOKA KI REPREZANTE W YO

### 16. Èske m gen yon avoka nan afè a?

Tribinal la nonmen avoka ki apre la yo kòm “Avoka Gwoup” pou reprezante tout manm yo nan Gwoup Règleman an.

JAMES A. BONFILGIO, ESQ.  
Nimewo Bawo Florid 288055  
tilalawyer@aol.com  
Law Offices of James A. Bonfiglio  
413 W. Boynton Beach Blvd.  
Boynton Beach, FL 33435-4026  
Telefòn: 561-734-4026

JACK SCAROLA, ESQ.  
Nimewo Bawo Florid 169440  
jsx@searcylaw.com

Searcy Denney Scarola Barnhart & Shipley  
2139 Palm Beach Lakes Blvd.  
West Palm Beach, FL 33409-6601  
Telefòn: 561-686-6300

LOUIS SILBER, ESQ.  
Nimewo Bawo Florid 176031  
lsilber@silberdavis.com  
Silber & Davis  
501 S. Flagler Drive  
Flagler Center, Suite 306  
West Palm Beach, FL 33401-5911  
Telefòn: 561-615-6262

PHILIP M. BURLINGTON, ESQ.  
NICHOLE J. SEGAL, ESQ.  
Burlington & Rockenbach, P.A.  
1601 Forum Place  
Suite 600  
West Palm Beach, FL 33401  
(561) 721-0400  
[pmb@FLAppellateLaw.com](mailto:pmb@FLAppellateLaw.com)

Ou p ap peye pou avoka sa yo. Si w vle yon lòt avoka reprezante w, ou ka angaje youn pou konparèt nan tribinal la pou ou, epi w ap peye pwòp frè w.

#### 17. Kijan yo pral peye avoka yo?

Avoka Gwoup la gen entansyon mande jiska \$1,300,000.00 pou frè avoka ak \$60,000.00 nan depans reyèl ki sot nan pòch ki fèt nan diskisyon an. Yo pral peye frè ak depans Tribinal la akòde yo apa parapò ak Fon Règleman an. Tribinal la ap decide kantite lajan pou akòde pou frè ak depans.

Avoka Gwoup la pral mande tou pou yo peye yon Prim Sèvis \$10,000.00 apa parapò ak Fon Règleman an bay Reprezantan Gwoup la pou sèvis li kòm reprezantan nan non tout Gwoup Règleman an.

### OPOZE W AK RÈGLEMAN AN

#### 18. Kòman pou m di Tribinal la sa si m pa renmen Règleman an?

Si w se yon Manm Gwoup Règleman an (epi ou pa eskli tèt ou nan Gwoup Règleman an), ou ka opoze w ak nenpòt pati nan Règleman an. Pou fè objeksyon, ou dwe soumèt yon lèt atan ki gen nan li enfòmasyon sa yo:

- 1) Yon tit ki gen nan li non afè a ak nimewo afè a;
- 2) Non w, adrès ou, nimewo telefòn ou, epi si se yon avoka ki reprezante w, non, nimewo avoka, adrès ak nimewo telefòn avoka w la;

- 3) Yon deklarasyon siyen, anba posiblite sanksyon pou fo temwayaj, ki deklare ou te resevwa youn oubyen plizyè kominikasyon ki kouvri ki sot nan Nationstar;
- 4) Yon deklarasyon sou tout objeksyon ou yo kont Règleman an, sa gen ladan baz legal ak faktyèl ou pou chak objeksyon;
- 5) Yon deklarasyon ki endike si w gen entansyon konparèt nan Odyans Apwobasyon Final la, swa avèk avoka oswa san avoka, epi si w avèk avoka, non avoka w ki pral prezan an;
- 6) Kantite fwa avoka w la ak/oswa kabinè avoka a te fè objeksyon kont yon règleman aksyon kolektif nan senk ane anvan dat ou depoze objeksyon an, tit chak afè kote avoka a oswa kabinè a te fè objeksyon sa, epi yon kopi nenpòt òdonans asosye ak oswa ki pran desizyon sou objeksyon anvan avoka a oswa kabinè a te fè ki te soti nan tribinal premye enstans ak tribinal apèl yo nan chak afè ki mansyone;
- 7) yon lis tout moun yo pral rele pou temwaye nan Odyans Apwobasyon Final la pou soutni objeksyon an; ak
- 8) Tout akò sanzesepeyasyon ki gen rapò ak objeksyon an oswa pwosesis objeksyon an—kit se alekri oswa vèbal—ant oumenm oswa avoka w la e nenpòt lòt moun oswa antite.

Si w vle fè objeksyon, ou dwe depoze objeksyon w lan nan Tribinal la (avèk itilizasyon sistèm depo elektwonik Tribinal la oubyen nan nenpòt fason Tribinal la aksepte depo) epi voye objeksyon w lan pa lapòs nan chak nan twa (3) adrès ki apre la yo, epi so lapòs ki sou objeksyon dwe oplita **31 Out 2026**.

Clerk of the Court	Class Counsel	Defendant's Counsel
Palm Beach County Clerk of Court 205 N. Dixie Highway West Palm Beach, FL 33401	James A. Bonfiglio Law Office of James A. Bonfiglio 413 W. Boynton Beach Blvd. Boynton Beach, FL 33435-4026	Sara F. Holladay McGuireWoods LLP Bank of America Tower 50 N. Laura Street, Suite 3300 Jacksonville, FL 32202

#### 19. Ki diferans ki genyen ant objeksyon ak mande pou yo eskli w?

Objeksyon se di Tribinal la ou pa renmen yon bagay apwopo Règleman an. Ou ka opoze w ak Règleman an sèlman si w pa eskli tèt ou. Eskli tèt ou se di Tribinal la ke ou pa vle fè pati Règleman an. Si w eskli tèt ou, ou pa gen okenn baz pou opoze w ak Règleman an paske li pa afekte w ankò.

### ODYANS APWOBASYON FINAL LA

Tribinal la pral òganize yon odyans pou decide si l ap apwouve Règleman an ak nenpòt demann pou frè ak depans (“Odyans Apwobasyon Final”).

#### 20. Kilè ak kikote Tribinal la pral decide si l ap apwouve Règleman an?

Tribinal la pwograme yon Odyans Apwobasyon Final nan dat **14 Septanm 2026 a 9:00 a.m.** nan Judge Daniel T. K. Hurley Courthouse, 205 North Dixie Hwy., West Palm Beach, FL 33401, Courtroom 9A, devan Onorab James Sherman, Jij la. Odyans lan ka transfere nan yon lòt dat oswa yon lòt lè san avi anplis, kidonk se yon bon lide pou w verifye nan [www.FloridaNationstarLawsuit.com](http://www.FloridaNationstarLawsuit.com) pou jwenn mizajou.

Nan odyans sa a, Tribinal la ap konsidere si Règleman an jis, rezonab, ak adekwa. Tribinal la ap egzamine tou demann Avoka Gwoup la pou frè ak depans avoka ak pou yon Prim Sèvis pou Reprezantan Gwoup la. Si gen objeksyon, Tribinal la ap egzamine yo nan moman sa. Aprè odyans lan, Tribinal la ap decide si l ap apwouve règleman an. Yo pa konnen konbyen tan desizyon sa yo pral pran.

#### 21. Èske m oblije asiste odyans lan?

Non. Avoka Gwoup la ap reponn tout kesyon Tribinal la ka genyen. Men, ou byenveni pou asiste odyans lan sou pwòp frè w. Si w voye yon objeksyon, ou pa oblije vini nan Tribinal la pou pale sou li. Depi ou te soumèt atan objeksyon w lan alekri la nan adrès ki kòrèk yo epi li konfòm ak tout lòt egzijans ki presize anwo la a, Tribinal la ap konsidere li. Ou ka peye pwòp avoka pa w tou pou asiste odyans lan, men sa pa nesèsè.

#### 22. Èske m ka pale nan odyans lan?

Ou ka mande Tribinal la pèmisyon pou pale nan Odyans Apwobasyon Final la. Pou fè sa, objeksyon w ki depoze alè a dwe gen nan li yon deklarasyon ki endike si w gen entansyon konparèt nan Odyans Apwobasyon Final la (*al gade nan Kesyon 18 ki anwo a*).

Ou pa ka pale nan odyans lan si w eskli tèt ou nan Règleman an.

### SI OU PA FÈ ANYEN

#### 23. Kisa k ap rive si m pa fè anyen ditou?

Si w se yon Manm Gwoup Règleman an epi ou pa fè anyen, ki vle di ou pa depoze yon Reklamasyon alè, ou p ap jwenn benefis nan Règleman an. Anplis, sof si w eskli tèt ou, ou pral oblije respekte jijman Tribinal la te rann nan.

### POU JWENN PLIS ENFÒMASYON

#### 24. Kijan m ka fè jwenn plis enfòmasyon?

Avi sa a bay yon rezime Règleman ki pwopoze a. Nou ankouraje w pou w konsilte plis detay ki nan Akò Règleman an. Pou yon deklarasyon konplè ak definitiv sou kondisyon Règleman an, al gade nan Akò Règleman an sou [www.FloridaNationstarLawsuit.com](http://www.FloridaNationstarLawsuit.com). Ou ka ekri Administratè Règleman an tou si w gen kesyon nan Florida Nationstar Lawsuit, P.O. Box 173062, Milwaukee, WI 53217, oswa rele nimewo san frè a, 1-866-963-9973.